



# Espesyalman pou Timoun yo

## Bouchon Kreyatif

Chache nan bagay ou e kreye yon koleksyon de bouchon ak kouvèti bokal. Objè sa yo ki senp, chak jou gen anpil potansyèl pou jwe ak koulè klere yo, diferan teksti, ak varyete gwosè ak fòm!

Chwazi pi gwo bouchon ki pa ka toufe pou tibebe ak timoun piti, epi asire w ke w netwaye tout bouchon yo byen anvan w sèvi ak yo pou jwe. Boutèy ji, bouchon detèjan pou lesiv, bokal manba, ak kouvèti basen fwomaj krèm se jis kèk ide ke ou ta ka deja genyen nan bwat resiklaj ou. Plis ou genyen, plis li bon!

Kite koleksyon bouchon'w lan enspire kreyativite'w ak pa pitit ou! Ou kapab eseye enpe nan ide sa yo e panse a plis:

- **Vinn pi fanmiye.** Bouchon ak kouvèti yo ta ka nouvo objè pou tibebe yo eksplòre lè yo manyen yo ak bouch yo. Pale ak tibebe yo sou sa yo ap fè pandan y ap eksplòre epi fè li plezi nan kopye ansanm oswa fè chante sou koulè ak fòm yo.
- **Eske li rantre?** Gen de bouchon ki rantre nan lòt bouchon! Ki lès ki antre e kilès ki pa rantre? Kilès ki kole? Eske okenn antre nan tèt ou tankou yon chapo?!
- **Ranpli, Jete, & Separe.** Ajoute de twa bò oubyen kontenè pou ranpli ak bouchon e jete yo. Avi: Eske pitit ou enterese pou li klase yo. Konbyen jan ou ka klase yo? Gwosè, koulè, fòm? Eske ou gen chapo ki idantik?
- **Stoke & Bati.** Ki wotè ou kapab fè tou Chapo'w lan? Ki lòt strikti ke ou kapab bati?
- **Aranjman ki bèl.** Mete chapo yo plat sou yon tab de fason kreyatif. Kisa ou kapab fè? Yon flè, yon figi, yon bonòm nèj.
- **Modèl pou Jwe.** Eske ou konstate okenn modèl nan chapo yo? Eskse ou kapab fè modèl ki repete?

